

# *Tata Pangibadah Minggu Trinitas*

GKJ Ambarrukma, 7 Juni 2020

1. **Pacawisan.**

2. **Pandonging Konsistori :**

**Imam :** “Dhuh Gusti Sang Yehuwah Rama ing swarga, kawula badhe miwiti pangibadah, nadyan taksih wonten ing papan dhuwur warganing pasamuwan, awit wontenipun pagebluk virus corona ingkang dereng saged sirep. Kawula pitados, Paduka Gusti ingkang nyarirani piyambak pulihing kawontenan ing samangke, satemah umat ing salumahipun bumi lan kawula para kagungan Paduka, saged ngraosaken kawontenan kados wingi ugi, mboten wonten rubeda. Lumampahing pangibadah kawula sumanggakaken, anggen Paduka mitulungi lan paring berkah. Sakathaning dosa tuwin kalepatan kawula, mugi Paduka karsa paring pangapunten. Wonten ing Asma Dalem Gusti Yesus Kristus, kawula ndedonga. Amin.”

3. **Liturgos :** “Pasamuwanipun Gusti ingkang kinasih, mugi panjenengan sadaya tansah jinangkung sih palimirmanipun Gusti, satemah ing dinten Minggu punika tetep dados dinten pangabekti konjuk Gusti, kanthi sagunging panuwun lan kabingahan, sandyan taksih mujudaken pangibadah ing griya utawi papan dunung kita piyambak-piyambak. Sumangga kita nyawisaken manah, lan memuji Gusti ing wiwitaning pangibadah punika, kanthi repening **Kidung Pasamuwan Kristen 25 : 1 “Ngabekti Mring Gusti”**

Swawi pra suci nyawiji tunggal ati, sami ngabekti memuji mring Gusti

Ajrih sumelang sedhik lan kasangsaran, ginantos kabegjan sihing Pangeran.

4. **Votum tuwin Salam Karaharjan :**

**Pendeta** : Sesarengan kita mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten :

**Sadaya** : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**

**Pendeta** : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, sadherek lan anak-anak sadaya.

**Pasamuwan** : **Mekaten ugi ing panjenengan.**

**Sadaya** : **5 7 i / 5 7 i . / 5 4 3 . /**

**Amin amin amin**

5. **Lektor : Waosan Sabda Introitus : Mateus 28 : 18 – 20**

**Lektor** : “Mekaten sabdanipun Gusti:

**Jemaah** : “Puji sokur konjuk Gusti”

6. **Liturgos :** “Jejering para kagunganipun Gusti ingkang kadhawuhan ngemban jejibahan mbabar paseksi tumrap sagung titah, lan sumangga kita sami mbudidaya nyembadani sabdanipun Gusti kanthi satuhu, satemah kita saged nulad murid-muridipun Gusti mbabaraken pakaryaning Gusti Tiga-tunggil ing jagad punika. Pramila sumangga kita sami ngrepekaken **Kidung Pasamuwan Kristen 7 : 1 lan 2 “Puji Konjuk Allah”**

Puji konjuk Allah Rama puji konjuk Sang Putra

puji konjuk Sang Roh Suci Juru slamet sejati,

Haleluya, Haleluya Juru slamet sejati.

Pinuji Ratuning swarga Gustine pra manungsa,  
nggih Ratuning pasamuwan Ratu sumbering gesang,  
Haleluya, Haleluya Ratu sumbering gesang.

**7. Pendeta : Sabda Andharaning Katresnan : Mateus 22 : 37 – 40.**

**8. Imam : Pangakening Dosa**

**Imam** : “Lumantar sabda ingkang kita tampeni, kita nglenggana dereng saged kanthi sembada mbabaraken ayahan katresnan dhumateng Gusti lan sesami, katitik taksih kathah perkawis ingkang kita lampahi, dadosa pangangen-angen, tembung, lan patrap, ingkang dados jalaran cengkah kalayan sabdanipun Gusti. Awit saking punika sumangga kita mratelakaken pamratobat, ugi kinanthen sagah nglampahi gesang suci, nalikanipun Gusti sampun paring aksama. Kita nyawisaken pamratobat kanthi repening **Kidung Pasamuwan Kristen 287 : 1 lan 2 “Panyuwun Ing Dinten Pentekosta”**

Dhuh Sang Roh Suci ngiyatna mrih kula mursid nyata  
nggih bekti mring Sang Pamarta welas asih pepadha  
dhuh Gusti Roh Sucinggih andel andel sanyata  
tumedhaka jroning ati nganyarken gesang kula  
Gusti mugé nganyarken gesang kula.

Mugi tansah nunggil kula mrih kula tentrem rarja  
sarta pepetenging dosa binirata sadaya  
dhuh Gusti Roh Sucinggih andel andel sanyata  
tumedhaka jroning ati nganyarken gesang kula  
Gusti mugé nganyarken gesang kula.

**Imam** : **Sumangga kita ndedonga nyuwun lumunturing sih wilasa Dalem Gusti:** “Dhuh Gusti Ingkang Asih Mirma, Paduka kagungan karsa supados kawula nindhaken ayahaning katresnan dhumateng Paduka lan sesami kawula. Ananging kawula nglenggana dereng saged nindhaken karsa Paduka kanthi sembada, katitik taksih kathah kalepatan ingkang kawula tindhakaken, ngantos damel sekeling penggalih Paduka, punapa dene pambengan tumraping pasrawungan kawula kalayan sesami kawula. Pramila kawula nyuwun lumunturing sih wilasa Paduka, satemah dados daya kekiyatan anggen kawula nindakaken ayahan sak lajengipun kanthi kebaking kasucen, lumantar panuntuning Roh Suci, ingkang makarya ing manah kawula lan sagung titah ing jagad. Wonten ing Gusti Yesus Kristus, kawula ndedonga. Amin.”

**9. Pendeta : Sabda Pawartos Sih-Rahmat : Filipi 2 : 1 – 4.**

**10. Liturgos** : “Sabdanipun Gusti saged dados cepengan anggen kita ngisi gesang ingkang sampun pinanggih suci, awit sih wilasa Dalem Gusti. Pramila sumangga kita nindhaken karsanipun Gusti lumantar repening kidung ingkang dados sarana kasanggeman kita, inggih punika **Kidung Pasamuwan Kristen 295 : 1 – 3, Sang Roh Suci**”

Sang Roh Suci dedalem ing ati nucekken mrih gesang anyar yekti  
mung tansah olah katresnan wah gesang ing kabingahan  
Sang Roh Suci dedalem ing ati.

Sang Roh Suci dedalem ing driya temahan gesang tentrem raharja  
sabar sareh paramarta kautamen den tengena  
Sang Roh Suci dedalem ing driya.

Sang Roh Suci dedalem ing manah temah tyang pracaya setya tansah  
andhap asor alus budi saged ngemudheni dhiri  
Sang Roh Suci dedalem ing ati.

#### 11. Pamaosing Sabdanipun Gusti

**Pendeta** : **Maosaken : LELAKONE PARA RASUL 2 : 37 – 41**

**Pendeta** : “Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.”

**Psmwn** : **Mratelaaken Kidung : Haleluya.**

**Irah-irahan** : **“Roh Suci Kangge Sadaya Manungsa”**

**Ancas** : Pasamuwan sangsaya kekah ing pitados awit Sang Roh Suci nyrambahi sagunging manungsa lan sumanggem martosaken Injil minangka cihnaning murid-muridipun Sang Kristus Yesus ingkang sembada.

#### 12. Pisungung

**Imam**: “Pasamuwan ingkang kinasih, sumangga kita ngaturaken panuwun dhumateng Gusti lumantar pisungung Minggu, Wulanan utawi Mirunggan, kinathen nampi sabdanipun Gusti minangka tetalesing atur panuwun, sinerat ing **Rum 12 : 1 - 2**, mekaten suraosipun :..... .”

**Imam** : Kempaling pisingsung kinanthen repening **Kidung Pasamuwan Kristen 78 : 1 kaliyan 2, Dhuh Allah Makwasa”**

Dhuh Allah Ma kwasa, Gusti nimbali kula,  
dados rowang mitra, wah utusan Paduka,  
ngundhangken sih rahmat mring sagunging umat,  
mrih kratoning Allah sadonya sumrambah.

Mugi Sang Roh Suci nggih tansah mitulungi,  
mrih kula sembada leladi kanthi setya,  
lan tekading manah datan nate semplah,  
telatos, taberi wah ing pamrih sepi.

#### 13. Pandonga Syafaat

#### 14. Pengaken Pitados Rasuli

**Liturgos** : Sumangga kita nglairaken pangaken dhumateng Gusti sesarengan kaliyan umat ing salumahing bumi, kanthi **Pangaken Pitados Rasuli.**

#### 15. Pendeta : Berkah.

**16. Liturgos** : “Pinujia Asma Dalem Gusti ingkang sampun paring berkah lan nuntun lumampahing, pramila sumangga mungkasi pangibadah, kitra sami ngluhuraken Gusti kanthi repening **Kidung Panutup : Kidung Pasamuwan Kristen 120 : 1”**

Dhuh Gusti mugi ngirid lampah kula ndherekaken Paduka salamanya  
kawula datan saged milih margi mugi sapurug kula Gusti nganthi.